# Шоманай районы орайындағы көше жаңадан асфальтланды

Image not found or type unknown

Тақыятас жоллардан пайдаланыў унитар карханасы тәрепинен район орайынан өтиўши Ажинияз көшесине жаңадан асфалть төселди. Буннан тысқары Таза базар МПЖ аймағындағы Бахытлы көшесине де асфалть төселип, жоллар тегисленди. Айтып өтиў орынлы, Әжинияз көшесиниң бойында 2 билимлендириў мектеби, Районлық халық билимлендириў бөлими, Агро банк имәраты, пуқаралар турақ-жайлары ҳәм басқада обьектлер жайласқан болып, районлық медицина бирлеспесине де усы жол арқалы барылады.

Жолдың қайта оңланып, пайдаланыўға тапсырылғаны Шоманай районы халқы ушын үлкен жаңалық болды десек алжаспаған боламыз.